



PUBLIC HEALTH FACT SHEET

Boston Public Health Commission
Communicable Disease Control Division
1010 Massachusetts Avenue
Boston, MA 02118
Phone: 617-534-5611 Fax: 617-534-5905

Malmanton

Ki sa malmanton (*mumps*) ye?

Malmanton se yon maladi kontajye poutèt yon viris.

Ki jan malmanton gaye?

Viris sa ki koze malmanton viv nan nen, bouch ak gòj moun. Li kapab vin gaye nan lè a lè yon moun touse oswa estènne. Epitou malmanton kapab vin gaye nan kontakt avèk sekresyon yon moun ki enfekte. Moun plis kontajye 1 a 2 jou avan senptòm yo konmanse jis nan 5 jou aprè maladi a gen tan pran.

Ki sa senptòm malmanton yo ye?

Senptòm ki plis frekan yo se yon lafyèv ki pa two wo, tèt fè mal, doulè nan misk epi glann krache ki anfle (nan machwa, anba zorèy yo epi anba maksilè a). Youn moun nan chak twa moun ki gen malmanton pap gen glann krache yo ki anfle. Senptòm yo kapab parèt 12 a 25 jou aprè yon moun gen kontakt ak yon moun ki enfekte (an jeneral ant 16 a 18 jou).

Èske malmanton danjre?

Dabitid malmanton se yon maladi ki pa tèlman grav, men gen yon chans pou kèk konplikasyon ki enkli menenjit *meningitis* (yon enfeksyon nan kouvèti sèvo ak chenn do), ansefalit *encephalitis* (sèvo ki gonfle), epi nan gason ki majè, grenn yo kapab gonfle. Rareman yon moun kapab gen konplikasyon tankou yo vin soud, atritis, ovè yo gonfle, pwatrin yo gonfle, oswa yo gen pwoblèm nan kè oswa nan sèvo. Epitou viris la kapab bay plis risk pou fè yon foskouch, sitou nan premye twa mwa yon moun ansent.

Kilès moun kapab pran nan malmanton?

Malmanton kapab afekte nenpòt moun nan nenpòt laj ki poko gen maladi a oswa ki pa vaksine kont li.

Ki jan yo dyagnostike malmanton?

Malmanton souvan vin sispèk poutèt senptòm li yo; poutan, metòd ki pi plis itilize pou fè dyagnostik li se yon analiz san.

Èske gen yon vaksen kont malmanton?

Wi. Vaksen kont malmanton rekòmande pou timoun aprè yo vin gen 12 mwa avèk yon dezyèm dòz swa nan laj ant 4 a 6 an. Yo konn bay vaksen kont malmanton ansanm ak vaksen lawoujòl ak roubeyòl, ki rele vaksen MMR nan peyi isit. Moun ki te fèt aprè 1956 ki pa konnen si yo te gen maladi a oswa vaksen an, dwe konsidere pran yon vaksen. Moun ki pa gen dwa pran vaksen MMR enkli danm ki ansent, moun ki gen yon sistèm iminite febli, epi moun ki gen yon alèji, ki kapab menase lavi, ak neomycin, jelatin oswa yon dòz MMR yo te pran deja.

(Asyiv)

Ki sa nou kapab fè pou malmanton pa gaye?

Pi bon fason pou anpeche malmanton se pou ou pran yon vaksen kont li. Si oumenm oswa pitit ou ta devlope senptom malmanton, konsilte yon doktè. Pèsonn moun avèk malmanton gen dwa retounen nan gadri, nan lekòl, nan travay oswa lòt lokal piblik jiskaske 9 jou pase aprè figi yo te kòmanse gonfle. Moun ki te vin gen kontakt avèk yon moun ki gen malmanton dwe pale avèk doktè yo pou sa evalye si yo gen pou pran yon vaksen. Moun ki te vin ekspoze dwe pou yo pran enfòmasyon sou siy ak senptom malmanton bay epi yo dwe jwenn swen medikal si yo vin gen nenpòt nan senptom sa yo.

**Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte
Boston Public Health Commission
Communicable Disease Control
(617) 534-5611 oswa www.bphc.org**